



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 19 jen 2013

GOUVÈNÈ CUOMO AK DIRIJAN LEJISLATI A ANONSE YON AKÒ SOU KÒMANSMAN LEJISLASYON NEW YORK KI PRAL EGZEKITE PWOGRAM TAX-FREE NY

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo, Ko-Dirijan Kowalisyon Majoritè Sena a, Dean Skelos ak Jeff Klein, ak Pòt-Pawòl Asanble a, Sheldon Silver, te anonse yon akò sou lejislasyon - START-UP NY (Zòn San Taks SUNY pou Lanse ak Modènize Pati Nò New York) – ki pral pibliye pwogram Tax-Free NY Gouvènè a.

Nouvo Ekonomi an ap grandi nan edikasyon avanse epi gen yon sinèji ant aktivite akademi ak lespri antrepriz. START-UP NY pral sipòte lespri antrepriz ak kreyasyon djòb sou yon gwo echèl lè li transfòme edikasyon avanse piblik la nan kominote san taks toupatou nan eta a, sitou nan pati nò eta a. Sistèm kanpis State University of New York, ansanm avèk lòt kominote kolèj yo, pral sèvi kòm yon estrikti pou pwogram START-UP NY pou atire teknik avanse ak lòt demaraj, kapital pou antrepriz, nouvo biznis ak investisman k ap sòti tout kote nan lemond. START-UP NY pral atire konpayi pou pote antrepriz yo nan Pati Nò New York lè yo ofri nouvo biznis yo opòtinite pou opere nèt san taks - tankou san taks sou revni pou anplwaye yo, san taks sou lavant, san taks sou pwopriyete oswa san taks sou biznis yo - pandan y ap asosye tou avèk enstitisyon edikasyon avanse klas mondyal nan sistèm SUNY. Answit, pwogram START-UP NY pral ede konpayi ki la deja yo, sitou antrepriz teknik avanse yo ak sa ki fèk kòmanse yo, rete nan New York ak grandi.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Pati nò New York pase twòp ane nan bès ekonomik, epi kominote nou yo pèdi twòp nan jèn moun yo. Nou bezwen lanse ekonomi Pati Nò a toutbon, epi nouvo kominote san taks a yo pral bay New York yon avantaj tankou pa t janm gen anvan lè se pou atire biznis, antrepriz ki fèk kòmanse, ak nouvo investisman. Akò jodi a sou lejislasyon START-UP NY se yon gwo viktwa pou kominote Pati Nò nou yo paske nou pare kounye a pou lanse sa ki pral youn nan pwogram devlopman ekonomik ki pi dinamik eta nou te wè nan plizyè deseni.”

Ko-Dirijan Kowalisyon Majorite Sena a, Dean Skelos, di konsa: “Demaraj New York ap ajoute sou efò k ap fèt pou diminye taks yo pou ede biznis yo kreye nouvo djòb nan sektè prive a - - ki dwe kontinye priyorite prensipal nou. Lejislasyon jeneral sa a pral fè New York vin yon kote ki pi atiran pou mete ak grandi biznis, epitou pou abòde règleman nuizib ki anpeche kreyatè djòb yo avanse. Mwen bat bravo pou Gouvènè a ak Asanble a poutèt yo travay nan tèt ansanm pou jwenn akò sa a.”

Haitian Creole

Ko-Dirijan Kowalisyon Majorite Sena a ak Dirijan Konferans Endepandan, Jeffrey D. Klein, di konsa, “Nan dènye twazan yo, nou te fè kwasans ekonomik ak kreyasyon djòb yon priyorite prensipal. Nan dènye ane a, nou te redui taks pou ti biznis yo, nou te bay prim fiskal pou kreyasyon djòb, epi nou te investi nan pwèn cho inovasyon ak pwogram ekonomik rejyonal toupatou nan Eta New York. Men nou konnen nou kapab fè plis. Pou nou kapab fè konpetisyon nan mache travay mondyal ki konpetitif anpil, nou bezwen toujou devlope nouvo lide dinamik ak kreyatif ki kapab atire konpayi ki pi bon ak pi rapid, sitou nan zòn k ap debat yo. Start-Up New York gen posiblite pou fè egzakteman sa. Lè nou mennen investisman nouvo biznis nan New York, zòn biznis san taks yo gen posiblite pou lanse kèk konte ki pi nan nesite nan eta a, lè yo bay anpil djòb ak mobilite siperyè pou anpil milye Nouyòkè ki nan chomaj ak Nouyòkè ki pa touche ase lajan nan travay yo.”

Pòtpawòl Asanble a, Sheldon Silver, di konsa, “Nan Asanble a, nou toujou respekte yon angajman pou etidyan nou yo ak pou enstitisyon edikasyon avanse esepasyonèl yo, ki se kle pou siksè ekonomik New York. Nouvo pwogram sa a ap sipòte kreyasyon ak agrandisman biznis nan inivèsite nou yo. L ap gen yon enpak ekonomik enpòtan lè li bay opòtinite pou djòb nan biznis k ap fè efò yo isit la nan kominote pa nou yo, epitou l ap ede yon nouvo jenerasyon Nouyòkè reyalize objektif akademik ak pwofesyonèl yo.”

Men kèk detay sou lejislasyon START-UP NY:

San Taks: Konpayi patisipan yo nan START-UP NY p ap peye okenn taks (pa egzanp, taks biznis/sosyete, taks sou lavant ak taks pwopriyete) pou 10 zan. Anplwaye ki nan konpayi patisipan yo p ap peye taks sou revni pou premye senk ane yo. Pou dezyèm senk ane yo, anplwaye yo p ap peye taks sou revni ki apeprè \$200.000 dola salè pou moun, \$250.000 dola pou yon chèf kay, ak \$300.000 dola pou kontribiyab ki ranpli yon fòm taks komen. Kantite nouvo djòb total ki kalifye pou avantaj taks sou revni pèsonèl p ap depase 10.000 nouvo djòb chak ane.

Kalifikasyon Biznis: Pou kapab antre nan yon komite START-UP NY san taks, yon biznis ap bezwen annamoni avèk misyon akademik kanpis la, kolèj oswa inivèsite ki finanse kominote san taks la, oswa biznis lan ap bezwen sipòte misyon an. Biznis ki patisipe nan pwogram nan ap bezwen gen kominote pozitif ak avantaj ekonomik. Chak biznis dwe kreye ak konsève kantite nouvo djòb total yo pou yo kapab patisipe. Biznis yo dwe:

- Se yon nouvo konpayi k ap demare;
- Se yon konpayi ki sòti deyò eta a epi k ap chanje lokal pou vini nan Eta New York; oswa
- Se agrandisman yon konpayi ki la deja nan New York - pa egzanp, yon konpayi ki kreye yon nouvo liy biznis oswa k ap louvri yon nouvo sant manifakti avanse - depi li kapab montre l ap kreye nouvo djòb epi li p ap deplase djòb ki la deja yo.

Answit, antrepriz ki fèk kòmanse nan Eta New York k ap “kale” nan enkibatè Eta New York p ap kalifye pou antre nan kominote san taks yo, epitou yo p ap kalifye pou avantaj anba pwogram nan.

Haitian Creole

Yon kantite kalite konpayi ap jwenn entèdiksyon pou yo patisipe, tankou biznis detayan ak biznis lavant angwo ak restoran yo. Nan Vil New York ak nan Konte Nassau, Suffolk ak Westchester, biznis lan dwe se yon konpayi teknoloji avanse oswa yon nouvo konpayi ki fèk kòmanse.

Konpayi yo ap kalifye pou antre nan pwogram nan jouk 31 desanm 2020, epi nan moman sa a Empire State Development (ESD) ap prepare yon evalyasyon efikasite pwogram nan pou kapab detèmine si yo ta dwe pwolonje kalifikasyon an.

Chak kominote inivèsite ap devlope yon plan pou kalite biznis li gen entansyon atire yo ak kote y ap ye pou yo pa peye taks la. Biznis yo ap aplike dirèkteman nan kolèj patisipan an epi, depi yo aksepte yon biznis, ESD ap gen 60 jou pou revize aplikasyon an pou asire si biznis lan kalifye.

Entèdi Konpetisyon avèk Biznis ki la Deja: Anba pwogram START-UP NY, biznis ki ta fè konpetisyon avèk lòt biznis lokal ki deyò zòn san taks la pa ta kalifye pou patisipe.

Kolèj ak Inivèsite ki Kalifye: SUNY, CUNY ak kolèj ak inivèsite endepandan, yo tout ap gen opòtinite pou devlope kominote san taks.

SUNY: Chak kolèj kominote SUNY ak kolèj/inivèsite sou 4 ane kapab detèmine yon kominote san taks avèk:

- Teren ki vid sou kanpis SUNY (pou chak kanpis ki deyò Vil New York);
- Espas lib nan bilding kanpis SUNY (pou chak kanpis ki deyò Vil New York);
- Nenpòt enkatè biznis avèk yon afilyasyon gratis nan kanpis la, inivèsite a oswa kolèj la; epi
- Jiska 200.000 pye kare sou yon distans yon mil avèk yon kanpis (pou chak kanpis ki onò oswa alwès Konte Westchester), oswa pi lwen avèk apwobasyon ESD.

CUNY: CUNY ap kapab kreye yon kominote san taks sou yon kanpis nan chak minisipalite – Manhattan, Bronx, Queens, Brooklyn and Staten Island - nan yon zòn ki gen detrès ekonomik. Kominote CUNY Tax-Free NY ka gen ladan:

- Teren lib sou kanpis CUNY;
- Espas liv nan bilding yo sou kanpis CUNY; ak
- Nenpòt enkatè biznis avèk yon afilyasyon gratis nan kanpis la, inivèsite a oswa kolèj la.

Kolèj Prive yo: Pwogram nan bay tou 3 milyon pye kare (avèk posiblite pou yon lòt 600.000 anplis) zòn san taks ki devwe sitou pou kolèj ak inivèsite prive sou teren nò Konte Westchester, pou komisyon pwogram START-UP NY afekte yo (ki gen ladan twa manm ki gen eksperyans enpòtan nan lespri

antrepriz ki baze sou akademi, epi se Gouvènè a, Pòtpawòl Asanble a ak Prezidan Pwovizwa Sena a ki lonmen yo) nan yon mannyè ki asire ekilib rejyonal ak ekilib pami zòn rural, iben ak banlye ki kalifye nan Eta a.

- Pou kolèj ak inivèsite prive nò Konte Westchester yo, zòn san taks yo kapab gen ladan teren lib ak espas lib nan oswa deyò kanpis la, ak nenpòt enkibatè biznis ki gen yon afilyasyon gratis nan kanpis la, inivèsite a oswa kolèj la.
- Sou 3 milyon pye kare yo, y ap afekte 75.000 pye kare pou chak nan sa ki anba la a: Konte Nassau, Konte Suffolk, Konte Westchester, Brooklyn, Bronx, Manhattan, Queens ak Staten Island. Kolèj ak inivèsite prive ki nan Vil New York ak Westchester, Konte Suffolk ak Nassau, epi kanpis SUNY ak CUNY ki pa deziyen sitou, ka aplike pou finanse zòn san taks yo nan kanpis kolèj yo. Depi yo rive nan limit 75.000 pye kare yo nan konte ak minisipalite sa yo, komisyon an ka deziyen jiska yon lòt 75.000 pye kare nan chak. Poutèt sa, yon posib 150.000 pye kare espas ap disponib nan konte ak minisipalite sa yo.

20 Pwopriyete Estratejik Leta: Answit, komisyon 3 manm yo kapab deziyen tou jiska 20 resous estratejik Leta kòm kominote san taks. Resous sa yo dwe se teren lib Leta posede, bilding lib Leta posede oswa bilding Leta posede ki nan pwosesis pou fèmen epi pou vin vid. Chak ap afilye avèk yon kolèj oswa inivèsite endepandan SUNY, CUNY pou atire nouvo patwon ak nouvo djòb epi pou transfòme espas la an yon motè ekonomik rejyonal.

Pwoteksyon Solid Kont Fwod: START-UP NY gen ladan bon dispozisyon pou bay pwoteksyon kont fwod. Biznis yo ap gen pou soumèt sètifikasyon ba ESD, epi sètifikasyon ki falsifye yo ap reprezante yon krim. Lejislasyon an gen ladan tou dispozisyon sevè pou pwoteje kont abi tankou chanjman djòb pami ajans ki konsène yo oswa “k ap fè ti chanjman,” lè yon konpayi senpleman re-fòme anba yon nouvo non epi li fè anplwaye li genyen deja yo se nouvo djòb kounye a. Answit, START-UP NY gen ladan mezi pou anpeche operasyon entèn ak konfli enterè. Nan ka lè gen fwod, Eta a ap gen dwa pou rekipere avantaj yo bay pou biznis yo. Konpayi ki pa satisfè kondisyon pwogram nan - tankou lè yo pa satisfè limit kreyasyon djòb yo - ka gen avantaj yo redui, sispann oswa elimine. ESD ap gen otorizasyon pou revize done konpayi an pou asire yo te kreye ak konsève djòb yo, epi pou mete yon pwen final nan patisipasyon konpayi ki pa kreye nouvo djòb ditou. ESD ap gen obligasyon pou pibliye yon rapò anyèl jeneral pou pèmèt piblik la evalye enpak pwogram nan.

Amelyore Pwogram Excelsior Jobs: Nan ane 2011, Gouvènè Cuomo te alatèt responsablite pou fè refòm nan pwogram Excelsior Jobs pou bay fleksibilite pou amelyore pwogram nan. Pwogram sa a ap kontinye efò sa a lè li amelyore pwogram nan pidevan pou ogmante opòtinite kwasans djòb yo nèt nan Eta a.

Agrandisman Konsè Sekou Obligatwa pou mete Faktè Depans nan Biznis yo: Anba pwogram nan, Konsèy Sekou Obligatwa agrandi pou vini Konsèy Sekou Obligatwa ak Konsèy Sekou Kontwòl pou pèmèt biznis yo mande pou Konsèy la revize règleman ki nuizib sou biznis yo.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418